ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Әбдисайыт ПАХРАТДИНОВ
Кеңесбай АЛЛАМБЕРГЕНОВ
Мария БЕКБЕРГЕНОВА

# «Б О З А Т А Ў»
# ҳәм
# тарийхый шынлық

***(Әжинияздың «Бозатаў» шығармасын тарийхый-типологиялық усылда үйрениўдиң базы бир мәселелери)***

**Оқыў - методикалық қолланба**

**Нөкис - 2014**

**83,3 ҚҚ**
**Б-72**

**Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М.** «Бозатаў» ҳәм тарийхый шынлық (Әжинияздың «Бозатаў» шығармасын тарийхый типологиялық усылда үйрениўдиң базы бир мәселелери). Оқыў - методикалық қолланба. - Нөкис: НМПИ КБ, 2014. – 28 бет

*XIX ӘСИР ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ ЖАРҚЫН ЖУЛДЫЗЛАРЫНАН БИРИ ӘЖИНИЯЗ ҚОСЫБАЙ УЛЫНЫҢ 190 ЖЫЛЛЫҚ ЮБИЛЕЙИ МҮНӘСИБЕТИНЕ БАҒЫШЛАНАДЫ.*

Қолыңызға усынылып атырған бул мийнет «Әжинияззтаныў» арнаўлы курсының әҳмийетли темаларының бири-«Бозатаў» шығармасына бағышланған оқыў-методикалық қолланба болып, онда бул дөретпедеги көркем шынлық пенен тарийхый шынлықтың типологиялық уқсаслықлары ҳәм өзгешеликлери мәселелери ҳәр тәреплеме илимий тийкарда сөз етиледи.

Қолланбаның соңында болса «Бозатаў» шығармасының көркем тексти менен бирге бул дөретпени үйрениўде усынылатуғын сиясий, илимий, оқыў-методикалық, әдебий - көркем әдебиятлар дизими берилген.

Қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Кеңесиниң 2014-жыл 10-апрельдеги № 9 баянламасы қарары менен баспаға усыныс етилди.

**Жуўаплы илимий редактор:**

**Қощанов Қ.М.**- НМПИ Рус филологиясы кафедрасы профессоры

**Пикир билдиргенлер:**

**Курамбаев К.К.** – НМПИ Өзбек әдебияты кафедрасы профессоры, филология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери

**Юсупов Қ.А.** - Бердақ атындағы ҚМУ Әдебият теориясы ҳәм оқытыў методикасы кафедрасы баслығы, филология илимлериниң кандидаты, доцент.

## «Бозатаў» тарийхый шынлық

Әжинияз шайырдың «Бозатаў» поэмасын Қарақалпақстанда билмейтуғын адамның өзи жоқ…

Бул дөретпе әзелден елге, халыққа кең таралып кеткең шығарма. Буның себебин, анығырағы, дөретпениң көпшиликке кеңнен тарап, халық ядында узақ ўакытлардан бери сақланып ҳәм ядқа айтылып киятырғанлығын терең түсиндирип бериў ким-кимге болса да аңсат емес. Оны түсиндириўге умтылған ҳәр қандай илимпаз, биринши гезекте, қарақалпақ халқының миллий өзгешелигинен хабардар, XIX әсирдеги социаль-жәмийетлик турмысымызда болып өткен үлкен-үлкен тарийхый ўақыяларды терең үйренген тарийх ҳәм әдебият билимданы болыўы тийис. Сонда ғана ол бул шығарманың халық мәпинен келип шығыў себеплерин оқыўшыға толық ҳәм анық түсиндиреди.

Мине, усы тийкарда Әжинияз шайырдың «Бозатаў» поэмасы көлеми аз болса да, үлкен тарийхый-көркем дәрек болып, өткен XIX әсирдеги тарийхый ўақыяларға шолыў жасап үйрениўге аз да болса имканият береди. Себеби, бул дөретпе 18-20 куплеттен ибарат кишигирим тарийхый жыр болғаны менен шын мәнисинде халқымыз басынан кеширген үлкен тарийхый ўақыяны өз мазмунына толық сиңдирген эпикалық сыпатқа ийе тарийхый көркем эпикалык жыр формасына ийе болған естелик есапланады. Оның реаллығы сонда: «Бозатаў» деген жер атамалары, сол жерлерге арналған Бозатаў атлы халық қосықлары елеге шекем халық арасында өмир сүрип келмекте.

Мәселен:

Бозатаў бойына төгин төккенмен,
Төгинимди жайып егин еккенмен,
Суўы бийжай болып, көшип кеткенмен.
Хош аман бол, бизден қалдын, Бозатаў!

Ямаса: Бозатаўдың жолы жаман қалыңды.,
Ақырған жолбарыс алды жанымды,
Қорыққанымнан жей алмадым нанымды,
Хош аман бол, бизден қалдын, Бозатаў!

Бул демек, Бозатаў тарийхый жыр-поэманың патриотлық идеясын, ондағы тарийхтың ҳақыйқатлыққа сәйкес келиўин ашып бериў ушын ең дәслеп, сол ўақыя болған дәўирдиң тарийхый сыпатламасына аз ғана шолыў ислеў мақсетке муўапық келеди, деген сөз.

Және де: Бозатаў дегениң әжеп жай екен,
Қызлары салланған ели бай екен.
Урықлары ат отыға сай екен,
Хош аман бол, бизден қалдын, Бозатаў!

- дегенге усаған қосық қатарлары халық арасында кеңнен таралған, бирақ, олардың авторлары белгисиз. Бул «Бозатаў» халық қосығының ҳәр қыйлы вариантлары, үзиндилери болып табылады.

Ал: Сәҳәр ўақта қырлы дүпен атылды,
Бенде болып түстим, қолым шатылды,
Пәрийдек қыз шоры болып сатылды,
Хош аман бол, бизден қалдын, Бозатаў!.

Кимсе жуда болды-жаннан айрылды,
Кимсе гедә болды-малдан айрылды,
Кимсе көзи қуңқарыдан айрылды,
Хош аман бол, бизден қалдын, Бозатаў!

–деген қатарлар бул биз гәп етежақ болған Әжинияз шайырдың «Бозатаў» киши дәстанлық шығармасына тийисли. Бирақ, бул дөретпе халық арасына кеңнен тарқап кеткенлиги соншелли, жоқарыдағы халық қосықларының көркем-әдебий дәстүри Әжинияз шайырдың «Бозатаў» дөретпеси дәстүри тийкарында келип шықпады ма екен, дегендей ойларға келиўге мәжбүрлейди. Енди негизи тема - «Бозатаў» дөретпеси дөреген дәўирлерге бир нәзер салайық. Бул дөретпе дөретпестен шерек әсир бурын-ақ, анығырағы XIX әсирлердиң басларынан қарақалпақлар Хийўа ханлығына қараған. 1806-1825-жылларда қарақалпакларды Хийўа ханлығы өзлериниң езиўшилик-үстемлик сиясатын жүргизип, күш пенен жеңип, бағындырып алынған халық деп есаплаған. Бул езиўшиликлер сиясатына халықтың өз ишинен шыққан мүликдарлар-байлар менен бийлер ҳәм аталықлар да қосылады. Бул сиясый-руўхый ҳәм социаль-экономикалық езиўшиликлердиң ақыбетлери халықты ҳәр тәреплеме қыйын аўҳалларда жасаўына алып келди. Бул қорлықларға шыдамаған халық бир нешше сапар әдалатсызлықларға қарсы бас көтерди. Солардың бири 1807-жылы болып өтти[1]. Усындай халық-азатлық көтерилиси екинши мәртебе 1827-жылы Айдос бий басшылығында болды. Бул көтерилислерди Хийўа ханы үлкен аяўсыз қан төгиўлер менен бастырады. Қарақалпақлардағы буннан кейинги болып өткен ең үлкен халық-азатлық

[1] Даўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. 3-том, 77-бет

көтерилиси 1855-1856-жылларға туўра келеди. Бул көтерилис пүткил қарақалпақлар жерин өз ишине қамтыған үлкен халық азатлық гүреслерине айланады. Бул сапары көтерилистиң басында Қоныраt арысының Қолдаўлы (Күлкихожақ тийреси) урыўынан шыққан Ерназар алакөз турады. Ол қарақалпақлардың барлық урыўларын ҳәм урыў басшыларын усы көтерилиске бириктиреди. Оның басшылығында қарақалпақлар өзлериниң Хийўадан бөлингенлигин дағазалайды, Зарлық Төрени хан көтереди өз мәмлекетин дүзеди[2]. Бирақ, қарақалпақлардың бул сапары дүзген мәмлекети 1856-жылдың март айына шекем ғана турады[3]. Буннан кейин көтерилис узақ ўақыт даўам ете алмайды. Келеси жылдың 12-июнында көтерилис Хийўа ханы тәрепинен аяўсыз бастырылады. Ерназар алакөз өлтирилип, оның геллеси сатқынлар тәрепинен Хийўа ханына апарып бериледи. Екинши халық азатлық көтерилиси де аяўсыз қан менен бастырылғаннан кейин, Хийўаның ханы Сейтмуҳаммед хан енди қарақалпақларды аямайды. Көтерилисшилердиң көпшилигин қырып жибереди. Әсиресе, көтерилистиң басшыларын ҳәм оларды қоллап-қуўатлаўшыларды халық ишинен излеп таўып, туқым қурт етиўге урынады. Халыққа салықты да аямай салады. Әсиресе, бул гүрестиң идеологлары болған атақлы ел басшылары менен ахун, уламаларды, халықшыл ҳәмелдарларды ҳәм бул көтерилисти қоллап-қуўатлаған халық шайырларын да аяўсыз жазаға тартады. Бул ел ишиндеги үлкен бир аяўсыз қырғыншылық болады. Соның салдарынан көп адамлар, көп-көп урыў басшылары, ҳәтте, көп-көп қарақалпақ урыўлары өз елин, отырған жерлерин таслап, қазақлардың ишине, бурынғы өзлери отырған Сырдәрья бойларына қашып, көшип кетиўге мәжбүр болды.

Бул жыллардағы елдеги бүлгиншиликлер себебинен аўылларда дийханлар егин еге алмай қалады. Халық үлкен ашлыққа ушырайды. Оның үстине елде үлкен көлемдеги ҳәр қыйлы кеселликлер: сүзек. безгек аўырыўлары тарқайды ҳәм күшейеди. Хийўа ханлығының буған басы айланбайды. Халық үлкен әдалатсызлықтың қурбанына айланады. Азапты көп көрген ел еллигин етип, бул әламатлардан қутылыўдың жолларын қарастырады. Ҳәдден зыят зулымлыққа

---

[2] «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы» (Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XX әсирге шекем). -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003, 26-27-бет.
[3] «Қарақаклпақстан АССР тарийхы», I том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975, 233-235-бетлер.

шыдамаған Қоңырат ўәлаятында жасаўшы қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар ҳәм түркменлер барлығы биригип, 1858-жылдың жазында Хийўа ханлығынан бөлинип шығып, өз алдыларына ғәрезсиз мәмлекет дүзиў ушын Сейтмуҳаммед ханға қарсы көтерилиске шығады. Бул көтерилисти Қоңыраттың бурынғы ҳәкими Төремурат сүўпының жийени Пана басқарады. Көтерилисшилер Хийўа ханы тәрепинен Қоңыратқа ҳәким қылып қойылған Қутлымурат бийди ҳәм оның барлық жақынларын өлтиреди. Қутлымурат бийдиң басын кесип алып өлтиргенлигин және де Қоңырат ҳәкимлигиниң ҳәм усы аймақта жасаўшы қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар ҳәм түркменлер барлығы бөлинип, өз алдына ханлық дүзгенлигин Хийўа ханлығына хабарлайды. Ерназар алакөз баслаған халық азатлық көтерилисиниң күш пенен бастырылғанына еки жыл толмай турып, бул жердеги халықлардың тағы Хийўа ханлығына қарсы көтерилиске шығыўының тийкарғы себеби - Хийўа ханлығының халықты үзликсиз қуўдалаўы, азап-ақыретлер көрсетиў ҳәм ислеген қырғынлықлары болды. Екиншиден, қарақалпақлардың аймағында жасаўшы өзбеклер, қазақлар, түркменлер де енди Хийўа ханлығы менен тегинликте тыныш келисимде жасай алмайтуғынына көзи жеткен еди.

Үшиншиден, елдеги пайда болған аўыр ашлық, жаман аўырыўшылық бул халықлардың жанына әбден батады. Тап усы аўырманшылықларға сол пайытларда Қоңырат беглигинде жасаўшы барлық халықлардың да ҳәм Қоңырат ҳәкими Қутлымураттың да қатты ғәзеби келген еди. Бул жағдай халықты әбден шыдам шегинен шығарып жибереди. 1865-1858-жыллар аралығында түркменлер ҳәм өзбеклер тәрепинен үш мәртебе Хийўа ханлары: Мәдемин хан, Қутлымурат хан, Абдулла ханлар өлтириледи. Усы ўақыяларды нәзерде тутып, Қоңыратлылар «Хийўа ханлығынан бөлинип, өз алдымызға бөлек ханлық дүзип алыў пайытлары келди» деп есаплайды. Усылайынша ҳәкимиятты өз қолына алған халық енди Хийўа ханлығы менен сөзсиз урыс болатуғынлығын, Сейтмуҳаммед ханның Қоңыратқа сөзсиз ләшкер тартып келетуғынлығын сезип, көтерилис жасаўшы халықлар жеңиске ерисиў ушын орыс патшалығынан жәрдем сораў керек» деген шешимге келеди.

Солай етип, көтерилис жасаўшы халықлардың талабы бойынша Пана хан Россиядағы Оренбург шегера комиссиясынан жәрдем сорап, көтерилис жасаўшы халықлардың атынан делегация жибереди. Орыс патшалығы Панаханның жиберген ўәкил адамларын жақсы қабыл етеди. Қоңыраттағы бул хабарды еситип, бир жағынан, қатты қуўанады да. Себеби, үлкен Орыс патшалығының көп жыллардан бери Орайлық Азиядан Қытай, Индия еллерине қарап экономикалық ҳәм саўда жолларын ашыў әрманлары бар еди. Орыслар дүньядағы үлкен бай Қытай, Индия базарларына барыўға Орайлық Азия ханлықлары аймақларынан өте алмайтуғын еди. Енди орыс патшалығы Орайлық Азияға кириўге бизлер ушын бул үлкен мүмкиншилик туўды деп Күн шығыс еллерине Қытайға, Индияға барыўымыз ушын бизлерге жол ашылатуғын болды, деп қуўанысады. Россия патшалығы Хийўа ханларынан, Хийўа топылысларынан Қоңыратты қорғаў ушын жәрдемге Панаханға әскер жибериў мәселесин де тез шешеди.

Орыслардан бундай жақсы хабар келемен дегенше Панахан көтерилис жасаўшы халықлардың күшлерине исенбей, ол орыслардан, я жәрдем келеди, я келмеўи де мүмкин деп ойлап, ол түркменлердиң ханы Атамурат ханнан Қоңыратты Хийўадан қорғаў ушын 500 атлы әскер жәрдем сорайды. Панахан әскерий жәрдем сорағаннан кейин, Атамурат хан Панаханға: «-Сениң еле толық мәмлекетиң жоқ! Меннен алған әскерлерди сақлайтуғын ғазнаң да жоқ. Ал, мен 500 атлы берейин, ал сен бизден алған әскерлерди қалай сақлайсаң?!» – деп сорағанда, Панахан:

« - Мен ҳәр бир түркменди бир үйге баратуғын қыламан. Кимниң есигиниң алдына жаў-жарағы менен бир атлы түркмен әскер келсе, сол үйдиң ийеси шығып, оның атын услап байлап, от-жем берип, оның өзин үйиниң төрине төсек салып отырғызып, оған үш-төрт мезгил тамағын берип, баға бериўге буйрық беремен. Ким оны ислемесе, оның өзин өлимдар, малын патшалық қыламан. Сен ол ҳаққында ҳеш ойланба! Оны бағыў бизиң жумыс!» – деп жуўап береди.

Бул гәп түркменниң ханы Атамурат ханға жүдә мақул түседи. Атамурат хан Панаханның қараўына тез 500 атлы әскер береди. Буннан кейин түркменлер өзлери үйлерди аралап жүрип, көрип усы бизге болады-аў, деген үйдиң алдына

өзи-ақ түсе береди. Панаханның пәрманы бойынша кимниң есигиниң алдына атлы жаў-жарағы менен түркмен нөкери келип түсип атырса, ол үйдиң ийеси иләжсыз оның алдына шығып, атын услап байлап, атына от-жем берип, оның өзин үйине алып кирип, төрине отырғызып, оған төрт мезгил аўқат берип бağа береди.

Бул хабарды еситип, бос жүрген түркменлер Қоңыратқа өзлери-ақ кирип, қәлеген үйлерге кире баслайды. Солай етип 500 емес, ал қала менен аўылларға 1500 түркмен атлы келип кирип орналасып алады. Олар келгеннен кейин урыс жоқ, дем алып, қарап жата бере ме?! Кеўиллерине келгенлерин ислейди. Барған үйи ўақтында тамақ берсе бергени, бермесе олар өзлери-ақ жатқан үйиниң әдеп таўықларын, соң қорадағы малларын услап алып сойып жей баслайды. Жатқан үй ийелериниң айтқанларын қылмай, олар өз билгенлигин ислеўге қарайды, келе-келе қызларына, бала–шағаларына асылады. Енди халық түркменлерден азап шеге баслайды. Бул аўҳалды адамлар Панаханға айтса, хан оларды тыңламайды.

Россия шегера комиссиясынан жәрдем сораўға кеткен Панаханның да елшилери, «Россия жәрдемге келетуғын болды» деген хабарды алып келгени менен Россиядан да жәрдемши күшлер тез арада келе қоймайды. Енди Қоңыраттың өтиниши орысларға қолай түсип, Россия патшалығы бул бизиң Орайлық Азияға кириўге жақсы пайыт болды деп, олар енди Хийўаға қарсы көтерилиске баратуғын адамды ким болса, соны емес, ал тийкарынан қарақалпақ жериниң қандай жерлер екенлигин үйренип, оларды картаға түсирип, зәрүр болса, сол жердеги жасайтуғын халықлардың орысларға кейпиниң қандай екенлигин бақлаўға және де суў жоллары ҳәм құрғақлық пенен келешекте кириў жолларын үйренип, қайтатуғын арнаўлы адамлар таярлайды. Мине солай етип, орыс әскерлери Қоңыратқа жәрдемге барыўға асықпайды. Енди орыслар кең тәжирийбели, картограф, капитан Бутаковқа үлкен исеним билдирип, оны июнь айында еки баржа менен Қоңыратқа қарай жөнелтеди. Олар Қоңыратқа жәрдемге киятырған болып, жол-жөнекей қарақалпақ жерлерин асықпай сүўретке, картаға түсирип жүреди. Олар Қоңыратқа киятырып адасқан болып, пароход тоқтаған жерлерде Қоңыраттағы қарақалпақлардың «Хийўа ханлығына

қарсы көтерилисине жәрдемге киятырмыз» деп, ол жердеги ушырасқан адамлар менен аўдармашылар арқалы орыслар сөйлесип, халықтың орысларға кейпин бақлап жүреди. Қулласы, капитан Бутаков Қоңыратқа келеди, келген менен жүдә кешигип келеди.

Панаханнан бул көтерилисте үлкен орыс патшалығынан жәрдем сорап атырғанын Хийўа ханы Сейдмуҳаммед хан еситеди. Сейдмуҳаммед хан орыслардың Қоңыратқа келиўин, улыўма, Орта Азияға орыслардың келиўин ол жүдә жек көреди. Усы пайытларда түркменлерге, Ашхабадқа қуралланған Англия мәмлекети әскерлери отрядлары да келип атады. Бул әсирде дүнья мәмлекетлериниң ишинде англичанлар Орайлық Азияға кириўди жүдә ҳәўес етеди. Орыс мәмлекети бул мәселеде өзлери мәпдар болғанлықтан англичанлардың Орайлық Азияға кириўине қарсы болады. Бирақ, бул сапары қанша қәлесе де, англичанлар өз сиясатын Орта Азия еллерине өткере алмайды.

Усы дәўирде Қоңыратқа орыслардың жәрдеми келгенше Панаханның ақмақлығынан түркмен әскерлеринен таланған халық енди Хийўа емес, өзлери сайлап қойған ханы Панаханға үлкен наразылық билдирип, Қоңыраттағы қазақлардың бийи Әзберген өзиниң изине адамларын ертип, Қоңыраттан узағырақтағы 30 шақырым жерге бөлинип шығып, олар енди өзлерин «Панаханнан ғәрезсиз жасаймыз» деп бөлек шығып, бөлек жасайды.

Халықтың арзы-аўҳалларын көрип ҳәм еситип жүрген қарақалпақ бийлериде Панаханның бул сиясатына қатты наразылық билдиреди, сиясатының натуўры екенлигин бир неше бетине де айтады. Панахан енди буларды тыңламайды. Соннан кейин Қоңыраттың абройлы, атақлы бийлери, байлары аймақтағы барлық қарақалпақларды үгитлеп, «Панаханның сиясатынан бөлек жасаймыз» деп, Қоңыраттағы барлық қарақалпақларды жәмлеп, изине ертип, «егер Хийўа ханлығы урыспаға келсе, өзлеримиз-ақ күнимизди көрермиз» деп буларда Қоңыраттан 30-35 шақырым узақ жерлердеги қалың ел болып отырған қарақалпақ аўылларына шығып, «Қыйсық Порхан» атаўына көшип шығып, сол мәкандағы «Бозатаў» деп аталған жерге Қоңыраттан бөлек шығып қоныс басады. Бул жерге келген қарақалпақлар душпанлардан қорғаныў ушын олар қазып, қоралар, қыслаўлар дүзетип, қоныслана баслайды. Солай етип,

қарақалпақлар да Панаханның сиясатынан бөлек жасаўға қарар етеди. Пуқараларынан айырылып  қалған Панахан бул жағдайдан қатты сескенеди. Ләшкер тартып Хийўа ханы келсе, басын алатуғынлығын сезе баслайды. Енди расында да Панаханның дүзген ханлығы қулаған есабы болады. Панахан «бул ўақыяларға қарақалпақлар себеп болды» деп ойлайды. Солай етип, ол түркменлердиң ханы Атамурат ханға енди «бул қарақалпақларды аямай бир шаўып бер?! Олардан енди бир өшимди алайын» деп өтиниш етеди. Оның үстине, нешше күнлеп бул былағайда тамақ жей алмай қалған түркмен ләшкерлериниң қатты ашыўы келеди. Қарақалпақлар Қоңыраттан көшип кеткеннен кейин, оларға ҳеш ким тамақ бермейди. Аўқат беретуғын адам жоқ, олар да далада қалады. Енди  Атамурат хан өз әскерлерине Бозатаўға көшип барған барлық қарақалпақларды аямай, тасталқан қылып шабыўға буйрық береди. Солай етип, қарақалпақларды түркменлер бул сапары аямай шабады. Усы жаўгершилик Әжинияз шайырдың «Бозатаў» атлы тарийхый шығармасында толығы менен баян етиледи.

Бул болған жаўгершилик ҳаққында гейпара әдебий ҳәм тарийхый мағлыўматларда «Хийўа ханы Сейдмуҳаммед хан қарақалпақларға ашыўланып, түркменлерге қарақалпақларды шаптырған» деп те жазады. Бул надурыс пикирлер! Себеби, бул сапары қарақалпақларды Хийўаның ханы емес, қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркменлердиң өзлериниң сайлап қойған ханы Панахан «мениң режимиме көнбей қарақалпақлар мени таслап кетиўге қарар етти, усының себебинен қазақлар ҳәм Қоңыраттан биротала шығып кетти» деп қарақалпақларды Панаханның өзи түркмен әскерлерине талатады ҳәм оларға «аямай шабың» деп тапсырма береди. Панахан түркменлерге «қарақалпақларды аямай шабыңлар» деп буйрық бергеннен соң, түркмен әскерлери Бозатаўға қуйылып келип, жаңа қоныс басып атырған қарақалпақлардың қора, қыслаўларына от қояды. Отаўларын жағады. Қолға түскенлерин өлтиреди. Бозатаўдың өлмей аман қалған халқын түркменлер ат алдына салып, басқа еллерге қул етип сатыў ушын шуўлатып айдап, Әтрек, Гүрген, Ҳажар, Иран, Ирақ, Шам, Гурд, Тегеран қалаларына алып кетеди. Усы қарақалпақлардың көрген аўҳалларын Әжинияз шайыр өз көзи менен көрип жүрип, сол шабылған

халқының ишинде олар менен өзи бирге жүрип, бул «Бозатаў» шығармасын дөретеди. Бул жаўгершилик апатшылық шығармада Әжинияз шайыр тәрепинен анық, ашық былай баянланады:

Жоқ едим, бар болдым, камала келдим,
Минип әреби атлар дәўранлар сүрдим,
Нанынды көп жедим, рәҳәтин көрдим,
Хош, аман бол, бизден қалдың, Бозатаў!

Саҳәр ўақта қырлы дүпең атылды,
Бенде болып түстим-қолым шатылды,
Пәридек қыз шоры болып сатылды,
Кәнизлик басына түсти, Бозатаў!

Сен бағ един бүлбил ушты зағ қалды,
Пүткил сийнем жанды, иште дағ қалды,
Қыйсық Порхан атаў сени жаў алды,
Басы қутлы, соңы ўайран, Бозатаў!

Кимсениң анасы, кимниң әммеси,
Кимсениң ағасы, кимниң иниси,
Кимсениң қыз-уғлы, кимниң сиңлиси
Әтрек, Гурген, Ҳажар асты, Бозатаў!

Атадан айрылды ғулпақлы уғлан,
Сатылды хүр басың әйледи ғулам,
Кимлер Ирақ кетти кимлер кетти Шам,
Кимлер Гурт, Тегеран асты, Бозатаў!

Қаракөз қыпша бел қыз билан жаўан,
Жүзлери гүл киби көзлери мәстан,
Қуда ҳәмри билан бардылар Балқан,
Дәўлет қусы сеннен ушты, Бозатаў!

Қала бузып түркмен бағрын дағлады,
Кимисин дупеңлеп, кимди бағлады,
Сенде көп мусылман уғлы йығлады,
Басына қыямет түсти, Бозатаў!

Кимсе шеҳит болды-жаннан айрылды,
Кимсе геда болды-малдан айрылды,
Кимсе көзи-қуңқарынан айрылды,
Басыңа қыямет түсти, Бозатаў!

Ер жигит басына мүшкил ис түсти,
Жүрек-бағры ғамның отына писти,
Елатың үстиңнен серпилип көшти,
Хош-аман бол, бизден қалған, Бозатаў!

Зийўарың хошласар қәдириңди билип,
Көзини жасартып, бағрыны тилип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў!- деп жазады.

Түркмен фиодалларының усы қарақалпақларға келтирген үлкен қырғыншылықларының ишинде Әжинияз халық пенен бирге бул жаўгершиликти өз көзи менен көрип, халық пенен бирге даўда жүрип, Әжинияз шайыр «Бозатаў» шығармасын дөреткең. Халық усы «Бозатаў көтерилиси» ҳаққында гәп еткенде оны үлкен тарийх етип тәрийплейди. Халықтың ишинде өткерилген экспедиция дәўирлеринде бул туўралы халық аўзынан жазып алған мағлыўматларда, ол ҳаққында елдеги адамлардың айтыўларына қарағанда, усы қырғыншылықта түркменлер Әжинияз шайырды да бенде қылып, қуўғын болған адамлар менен бирге алып кеткен. Сонда ол 34-35 жасларындағы жас жигит болған. Түркмен нөкерлери көп адамларды алдына салып айдап киятырғанда, Әжинияз шайыр айдалып киятырған адамлар менен бирге жаў алдында айдалып киятырып, усы «Бозатаў» қосығын кетип баратырып, ядтан шығарып, және де оны қасындағы өзи менен бирге жаў алдында қатар киятырған адамларға үйретип, жәмәәт болып, жаў алдында усы «Бозатаў» қосыған айтып жүрген, дейди.

Әжинияз шайыр халық пенен бирге сол жаўгершиликте жаў алдында тутқын болып киятырғанда, айдалып жүрсе де ол душпанлар менен айтысып жүрген. Усы қайғылы ўақыяларды гәп еткен «Бозатаў» шығармасын түркмен тилинде нөкерлер менен қорықпай айтысып жүрип шығарды, - деген де елде гәплер бар[1].

Усы үлкен жаўгершиликте бир топар қарақалпақларды түркмен нөкерлери Түркменстанның Қаражыңғыл деген жерине алып келип қамап қойған. Сонда олардың ишинде Әжинияз шайыр да болған. Ол түркмен нөкерлери менен түркмен тилинде олардың халықты жазықсыз қыйнап, азаплап, аштан-аш

[1] 1957-жылғы Қарақалпақстан комплексли илим-изертлеў институты Республиканың арқа районларына жүргизген экспедиция материалларынан қараңыз: Ондағы А.Қаримов ҳәм Ә.Пахратдиновтиң қол жазбалары.

адамларды айдап киятырғанлығын, бул түркмен сәрдарларының әдалатсызлығын айтып, «сизлер ырасында да жаўыз болып кеткен адамларсызлар» деп Әжинияз шайыр олар менен көп айтысқан дейди. Сонда түркменлер өзлериниң ханы Атамурат ханға барып: - Мына айдап киятырған халықтың ишинде Әжинияз деген бир шайыр адам бар екен. Оның шайырлығы бизиң Мақтымқулыдан кем емес. Ол сондай шайыр адам, ол өзиниң барлық айтатуғын гәплерин тек қосық пенен билдиреди. Оның үстине ол барлығын түркмен тилинде айтады. Бизлер менен айтысып бүлдирип киятыр! – деп Атамурат ханға айтыпты. Сонда Атамурат хан өз нөкерлерине: - Ол адамды мениң алдыма тез алып келиңлер!» - деп, буйрық берипти. Түркмен нөкерлери Әжинияз шайырды өзлериниң ханы Атамурат ханның алдына алып келипти.

Әжиниязды көрип Атамурат хан: - Ҳә қарақалпақ! Өзиңниң жаўға шабылып, ат алдында айдалып киятырғанлығыңа өзиң дәстан жазып, оны өзиң атқарып киятырсаң ба?–деп сорап болып,–қәне сол шығарған дәстаныңды бизге де айтып бер, биз де тыңлайық! – депти.

Сонда Әжинияз Атамурат ханға: - Солай ма? – деп сорапты.

Хан: - Солай! Қәне дәстаныңды бизлерде еситейик! – депти.

Сонда Әжинияз шайыр өзиниң жаў аладында айдалып киятырып, өзи шығарып, қасындағы бирге киятырған жигитлерге үйретип, оны намаға салып айтып киятырған «Бозатаў» атлы шығармасын түркмен тилинде Атамурат ханға толық айтып береди. Бул айтылып турған шығарманың ишинде түркмен ханы Атамурат ханның жаўызлығы, әдалатсызлығы ҳаққында көп қатты аўыр, ашшы мазмундағы бәнтлер болады. Булардың барлығын Әжинияз шайыр өз намасына салып, Атамурат ханның алдында дым тартынбастан айтады.

Қарақалпақ шайыры Әжинияз шайырдың бул қосық пенен айтылып турған гәплери Атамурат ханға оғада тәсир етеди. Қарақалпақ шайырының Атамурат хан алдында тайсалмай, тартынбай, қорықпай айтып турғанлығына ҳәмме түркмен нөкерлери, ҳәтте, Атамуратханның өзи де ҳайран қалады.

Атамурат хан Әжинияз шайырға қарап:

- Болды енди! – деп жекиринеди. Әжинияз айтып турған шығарманың кейнин тыңлағысы келмейди, қатты ашыўы келип:

- Сен қарақалпақ! Өзиң жаўға шабылып ат алдында айдалып, түркменлерге бенде болып түсип киятырғаныңды билмейсең бе?! Усы «Қаражыңғыл»дағы барлық қарақалпақларыңды, оған қосып өзиңди де қырып жиберейин бе?! – деп тәп береди.

Сонда Әжинияз шайыр:

- Тақсыйыр! Бизлерди қырып жиберген менен барлық қарақалпақлар қырылмайды! Сиз билесиз бе?! Қарақалпақлар түркменлерден ҳеш ўақытта, ҳеш жерде де қырылмаған. Себеби, қарақалпақлар қырылған жер ҳеш жер де жоқ. Ал керисинше «Түркмен қырылған» деген жер қарақалпақларда үш жерде бар, деп жуўап қайтарыпты.

Әжинияздың бул мәртлигине, бул қайсарлығына Атамуратхан ҳайран қалады. Ойланып турып-турып нөкерлерин бөлек шақырып алып, оларға:

-Мен бундай мәрт, бундай қайсар адамды өмиримде көрмедим! Бул қаракалпақ өлсе де тилин тартпайды. Енди усы адамға қоса «Қаражыңғыл»дағы қамап қойған барлық қарақалпақларды елине қайтарыңлар! – деп буйрық берипти.

Түркменлер өз ханы Атамурат ханның буйрығы бойынша тап сол ўақытлардан баслап «Қаражыңғыл»дағы барлық қарақалпақларды босатып, елине қайтарып жиберипти[1].

Бул жағдайлардан кейин түркменлер Қоңырат көтерилисине араласыўға қайтып келмеген ҳәм буннан кейинги дәўирлерде де түркменлер қарақалпақларға қарсы атланғанлығы ҳаққында хабарлар тарийихта табылған емес. Түркменлер қамалынан азат болған қарақалпақлар қайтып келип, Бозатаўда тыныш жасаўды даўам еткен.

Қоңыраттағы ҳәм түркменлердеги усы барлық ўақыяларды еситип турған Хийўаның ханы Сейдмуҳаммедхан ләшкер тартып келип, Қоңыратты қамал еткен. Усы пайытларда «Қоңыратқа орыслар киятыр, Қоңырат толығы менен орыс патшалығының қарамағына өтеди екен», деген гәплер де Хийўаға тараған. Бул хабарды еситип, Хийўадағы көп қуллар қул ийелерин таслап, Қоңыратқа қашып келеди. Себеби орыслар бурыннан қуллыққа қарсы мәмлекет. Сол

[1] Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан комплексли илим изертеў институтының 1957-жылғы Республиканың арқа районлары Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районлары территорияларына шөлкемлестирилген экспидиция материалларынан.

себепли Хийўадағы қуллар: «Егер Қоңыратты орыслары рас алатуғын болса, онда бизлерде сол жерде болсақ, қуллықтан бизлерде азат боламыз» деп ойлаған. Сол себепли көп қуллар Қоңыратқа қашып келген. Қарақалпақлардағы «Қул қашса, Қоңыраттан табылады» деген нақыл гәплер мине соннан қалған, тап усы жылларда пайда болған гәплер.

Қоңыратты қорғаўға жиберилген капитан Бутаков усы мәҳәллери еки баржа солдатлар менен Қоңыратқа кешигип жетеди. Қоңыраттың халқы «бизлерге урыста орыслар жәрдемге киятыр» деп, орыс солдатларын, ҳақыйқаттан, жақсы күтип алады. Қоңыратқа көп әскер менен капитан Бутаков дегенниң келгенлигин еситип, Қоңыратты қамал қылып атырған Сейдмуҳаммедхан үлкен мәмлекет-Россия менен душпан болып қаламан ба деп қорқып, орыс әскерлери менен урыса алмай, Қоңыратты таслап, кейнине шегинеди.

Капитан Бутаков көп қыйыншылықлар менен Панахан менен ушырасады. Сөйлесиўлерде Панахан капитан Бутаковтың алдына: «Хожели ҳәм қыпшақ жерлерин маған Хийўа қарамағынан азат етип алып бер. Ол жерлер толығы менен бизиң жер болсын. Және де Хийўа ханын да қулатып, орнына мени хан етип өзиң сайлап кет!»-деп орынлап болмаслық талаплар қояды.

Капитан Бутаков Россияның Оренбург шегера комиссиясындағы келисим бойынша: «Биз Хийўа ханлығына қарсы урыс ашыўға келмедик. Ал, өз азатлығы ушын, Хийўаға қарсы гүрес алып барып атырған Қоңырат қарақалпақларын Хийўадан бөлинип, өз алдына мәмлекет дүзген сол қарақалпақларды Хийўа ханлығының ҳәр қандай топылысларынан қорғаў ушын жәрдемге келгенбиз. Ал, Оренбург шегера комиссиясындағы бул ҳаққында дүзилген шәртнамада Хийўа ханлығына қарсы урысамыз деген мәселе жоқ. Сонлықтан, биз сизиң алдымызға қойған бул талапларыңызды орынлай алмаймыз» десе, Панахан капитан Бутаковтың алдына қойған талапларын орынлаўын талап етип турып алады. Сол себепли капитан Бутаков енди Қоңыратты таслап қайтып кетиўге мәжбүр болады.

Капитан Бутаков өзи Қоңыратта болған ўақытлардағы бир еске түсириўлеринде: - Панахан ол барып турған бир қолайсыз уяң адам екен. Ол не

қыларын билмейтуғын бир түрли адам. Және де ол мениң билиўимше арсыз да адам[1],-деп еске түсиреди.

1859-жылдың июль айының орталарында орыс әскерлериниң Қоңыратты таслап кеткенлигин Хийўаның ханы биледи. Сөйтип Қоңыраттың ишиндеги Панаханды жек көрген адамлар менен тил бириктирип, оған түркменлердиң ханы Атамурат хан да қосылады. 1859-жылдың август айында Муҳаммед Пана өлтириледи. Буннан кейин Қоңырат толығы менен қайтадан Хийўа ханлығына бағынышлы болып қалады.

Хийўаға қарсы Қоңырат көтерилисин баслап, Панахан өзи бул көтерилиске өзи басшылық етип, хан болып сайланғаны менен, халықтың сиясий-экономикалық аўҳалларын унамлы тәреплерге өзгерте алмайды. Қолынан да келмейди. Қоңыраттың халқы усындай Панаханның тусында да көп қыйыншылықларға дуўшар келеди. Ең жаманы елде үлкен ашлық басланады. Елде аўыр кеселлик те ҳәўиж алады. Халықтың бул аўҳалларына Панахан қарамайды. Соның ушын көпшилик халық Панаханға қарсы шығады.

Қоңыраттағы қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, түркменлердиң биригип Хийўа ханлығы езиўшилигине қарсы қаратылған халық-азатлық көтерилисиниң бастырылып қалыўында сиясий басшы усындай қәте-кемшиликлери истеги жобасызлығы себепши болады.

Мине, Әжинияз шайырдың ҳәзирги китаптағы бар 18-20 куплеттен ибарат «Бозатаў» шығармасының пайда болыўы, жазылыў тарийхын толық билиў ушын усы XIX әсирдиң орталарында болған барлық үлкен тарийхты кеўилиңнен өткермей турып, бул «Бозатаў» атлы тарийхый шығарма ҳаққында ким-кимге болса да, мейли, тарийхшы бол, әдебиятшы бол, жетерли дәрежеде гәп баянлап бериў қыйын, дегенимиздиң мәниси усында.

Бул Әжинияз Қосыбай улының «Бозатаў» атлы шығармасын көп тарийхшылар, ҳәтте, әдебиятшы бираз алымлар да тарийхый жыр, ол көлеми жағынан аз шығарма болса да, бир поэмалық шығармаға бара бар шығарма десе, ал гейпара әдебиятшылар бул шығарманы бир оқып шыққан адам, анаў-мынаў бир повестьлик шығарманы оқып шыққандай ләззетленеди! Сол ушын ол

[1] Қарақалпақстан АССР тарийхы. I том, 1975-жыл, 239-240-бетлер.

Әжинияз шайыр тәрепинен XIX әсирде қосық пенен жазылған тарийхый повестьлик шығарма дәуирге турарлық пикирлер айтылған. «Бозатаў» шығармасы поэмада емес, повестьте емес, бул XIX әсирдеги қарақалпақ классик әдебиятындағы тарийхый дәуирлер талабы менен пайда болған тарийхый жыр болып есапланады. Бул шығарманың мазмунын төменлетпейди. Себеби халықтың айтыўы бойынша, бул шығарма автор тәрепинен дөретилген ўақыялары да үлкен көлемде болған. Себеби, экспедиция дәуиринде адамлардан жазып алынған мағлыўматларда: «Әжинияздиң «Бозатаў» деген шығармасы үлкен дәстан болған» деген гәплер бар.

Бул гәп шынында да ҳақыйқатлыққа әдеўир жақын келеди. Себеби бунда шайыр поэзиялық емес, кең қамтылған сюжетлик ўақыяларды жырлаған. Соған қарата «бул үлкен ўақыяны шайыр тек 18-20 куплет қосық пенен ғана сөйлеп қойдыма екен» деп ойлайсаң!. Шығарманы анық оқып отырғанда, бул шығарма тек шайыр безиккеннен емес, ал ол жаўгершилик дәуириндеги халықлар ғәзебинен дөрелген шығарма.

Бул сөзсиз «Бозатаў» өз заманының да үлкен шығармасы деген жуўмаққа алып келеди. Себеби, шығарма эпизодлары жаўгерешилик ҳәм оған деген шайыр ғәзебиниң бир тутас үлкен шығарма болғанлығынан дерек берип турады. Оның үстине, «Бозатаў» ўақтында 40 куплет қосықтан аслам еди. Бул үлкен дәстанлық шығарма болды» дегенде пикирлер де бар.

Шығарманың елде толық сақланып қалмағанлығы мәселесине келетуғын болсақ, бириншиден: «Бозатаў» ҳаққындағы жыр қағазға жазып дөретилмей, аўызша дөретилген шығарма. Бул, әлбетте, бизиң гәпимиздиң фактлик белгиси. Және де бул шығарма қайсы дәуирлерде болса да, қағазға жазып дөретилмеген шығарма. Бәлким, Әжинияз шайырдың өзи де буны жаўгершиликтен кейин жыйнап, бир пүтин шығармаға айландырыўды жумыс етпегенде болыўы мүмкин. Сонда да бул шығарма қарақалпақларда елден-елге, халықтан-халыққа гә пүтин, гә бөлек-бөлек бөлип кең таралған көркем шығарма ҳәм тарийх!

Н.Даўқараевтың изертлеўлеринде усы мәселеге байланыслы: «Әжинияздың бул «Бозатаў» поэмасын дәслепки ўақытларда поэма деп атаған

негизги қол жазбасы бизиң қолымызға түскен жоқ. Ҳәзиргиси, - басылып шыққаны толық емес![1]» - деп жазады.

«Бозатаў» шығармасының және бир өзгешелиги шығарманың адамлардың ядтан айтыў қәбилетине бейим етип намасы менен дөретилгенлиги арқалы көринеди. Улыўма, шайырдың шығарманы жүрегиниң қәлби менен, халық дәртин шын мәнисинде тәсирли етип дөретип берген. Өйткени, бунда ҳақыйқый өмирге инсаныйлық пенен қарап сөйленген гәплер бар. Мәселен адам баласының адам болып дүньяға келиўи, қуўанышлы өмирлери, олардың өз елин, өз ўатаным деп қуўаныш пенен оның қушағында шағлап жасаўы, мәселен:

Жоқ едим, бар болдым камалға келдим,
Әреби атлар минип, дәўранлар сүрдим,
Наныңды көп жедим, рәҳәтин көрдим,
Хош аман бол бизден қалдың, Бозатаў! –

деп жырлаўлары, бирақ усындай елге, халыққа жаў шаўып, оған апатшылық келтириўи ким-кимди болса да үлкен уўайымға батыратуғынлығы шайыр тәрепинен үлкен қайғы ҳәсиретлер менен жырланады.

Мәселен: Сәҳәр ўақта қырлы дүпең атылды,
Бенде болып түстим, қолым шатылды…,

Сен бағ едиң, бүлбил ушты, зағ қалды,
Қыйсық Порхан атаў сени жаў алды,
Басы қутлы, соңы ўайран Бозатаў!..,

Кимсениң анасы, кимниң әммеси,
Кимсениң ағасы, кимниң иниси,
Кимсениң қыз уғлы, кимниң сиңлиси
Әтрек, Гүрген, ҳажар асты, Бозатаў!

Кирпиги оқ киби, қашлары кәман,
Жүзлери гүл киби көзлери мәстан,
Қуда ҳәмри билан бардылар Балқан,
Дәўлет қусы сеннен ушты Бозатаў!

–деп айтылған қатарлар не деген қудиретли сезимлер менен жазылған.

Бул гәплер Бозатаўдан, өз ўатанынан айрылған халықлардың тек ғана зары емес, бул өз ўатанынан айырылған ҳәр бир адамның өз елине, үлкен

[1] Н.Даўқараев. Шығарманың толық жыйнағы. «Қарақалпақстан» баспасы, -Нөкис: 1979-жыл. 3-том. 79-бет

жәбирликлерге ушыраған халықлар қайғысы. Оның үстине қанша дәрежеде адамлардағы душпанға болған жек көриўшилик кейиплерде сөйлеген.

Неге бул қосықты бәрше дәўирлерде, ҳәмме адамлар ядлап алып айтып жүрген?!

Қарақалпақларда: «Елде Әжинияздың «Бозатаў» шығармасын билмеген адам-ол Қарақалпақ емес» дегенде гәплер бар. Шайыр Бозатаўдағы тыныш жасап атырған елдиң, халықтын қәпелимде жаўгершиликке ушырап көп адамлардың шет еллерге қул болып сатылыўға айдалып баратырғанын үлкен халықлық, инсанияттың қайғылары болып жазылады. Бунда жаўызлыққа қарсы ҳәр бир адамдағы ғәзеп оты лаўлап жанып көринип турады. Сонлықтан да, қарақалпақлар өткен әсирлердеги өз халқының бир ўақытларда душпанлардан көрген аўыр азапларын еситип ҳәр бир дәўир әўлады олардың ҳәр бир қуўанышына болсада, қайғысына болсада ортақ екенлигин көрсетип, бул Әжинияз шайыр тәрепинен жазылып қалған тарийхый жырды олар буннан көп жыллар бурын болған ўақыялар болсада, оларды үйрениўге, ядлап алыўға, айтып жүриўге өз халқының тарийхы менен жасаўға әдетленген халық екенлигиниң бул бир мысалы екенлигин көрсетеди.

Себеби, бул шығармада халық тарийхы сөйленген ҳәм жазылған шығарма. Адамлардың бул ўақытларда Бозатаў деген жерде еркин, шадлы, бахытлы жасаўлары жазылған шығарма. Олардың арзыў-әрманлары жазылған. Дүньяға шығып жасағаннан кейинги еркин жасаў керек, деген идеялары да жазылған шығарма. Халықтын келешек бахытлы жасаўға үлкен-үлкен үмитлер менен жасайтуғын, инсанға тән болған барлық психологиясы сәўлеленген. Сол себепли бул Әжинияз шайырдың «Бозатаў» шығармасы елге, халыққа ҳәмме дәўирлерде жүдә кең таралған шығарма болғанлығы сөзсиз. Елге-халыққа оның кең таралыўынын тийкарғы себеплери де усында.

Ал Әжинияз шайырдың өзи де туўылған, өскен жерин өз халқын, өз ўатанын шексиз сүйген, ол өз заманының патриот шайыры екенлиги дөретпелериниң мазмунында анық көринип турады. Әжинияз өз елиниң, өз қарақалпақ халқының шын патриот перзенти. Сол себепли бул жаўгершиликте ол өз ели, өз халқы менен жаў алдында узақ-узақларға айдалып баратырсада, ол

өз жеринен, өз ўатанынан гүдер үзбейди. Ол өлимди писент етпейди, душпан алдында қайғы уўайымға берилип кыйланбайды. Қайта душпан менен қалай айқасыўдың жолларын излейди. Ол белгили дәрежеде өз жолдасларына жәрдем етеди. Ол бул «Бозатаў» шығармасында еле ол өз туўған жерине қайтып келетуғынына исеним билдирип, мынандай деп жазады:

Зийўарың хошласар қәдириңди билип,
Көзини жасартып бағрыны тилип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў!

- деп өз ели менен хошласады.

Бул «Бозатаў» шығармасы ҳаққында гәп болғанда қәлеген адамда ҳәр қыйлы саўал болыўы мүмкин. Биз бул 18-20 куплетлик қосық ол неге сонша елге халыққа кең таралып кеткен, жәнe де оны ядынан билмейтуғын оның намасына салып айтпайтуғын елде бирде қарақалпақ адамы жоқ. Жәнеде ҳәмме жерде, ҳәмме ўақытларда сол «Бозатаў» шығармасы үлкен йош пенен, үлкен муҳаббат пенен айтылады. Буған бунша не себеплер бар?!. Қосықтың ҳәммениң кеўиллеринен ийелеп кеткендей маргиясы неде?-деп сораў бериўи турған гәп. Мине бул Әжинияз шайырдың «Бозатаў» шығармасы қүдиретлилиги менен бир неше жыллар, әсирлер өтсе де тап бүгинги бизиң күнлеримизге шекем халық кеўиллеринен кең орын алып келиўиниң себеплери де усы жоқарыдағы бул ҳаққында биз айтқан мәселелер себеп болып киятыр. Бул қосық XIX әсирдеги дөреген барлық қосықлардың гүлтажы болып қалып атыр.

Қулласы, бул 1858-1859-жыллардағы Қоңырат көтерилиси бастырылды. Бирақ, бул халық көтерилиске ушырағанлығы менен тек қарақалпақлардың емес, улыўма, Хорезм халықларының жәмийетлик-сиясий ҳәм тарийхый өмирлеринде үлкен әҳмийетли орынды ийелейди. Себеби, бул Хорезмде жасаўшы барлық халықлардың қарақалпақлардын, өзбеклер менен қазақлардың ҳәм түркменлердиң де Хийўа ҳүкимранлығына қарсы бирлесип биринши мәртебе бас көтерип шығыўы еди[1]. Бул миллетлер аралық үлкен бирлик, Хорезмде жасаўшы барлық халықлардың аўызбиршилигин көрсетеди. Бул усы Хорезм регионында жасаўшы барлық халықлардың қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен халықларының сиясий көз-карасларының бул дәуирлерде бирлескенлигинде

[1] «Қарақалпақстан тарийхы» 1-том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975, 241-бет.

көрсетер еди. Және де бул тарийхый ўақыя олардың руўхый-моральлық сезимлерин оятты.

Себеби ҳәр қандай елге, халыққа қарсы ҳүкимиранлығына анық олардың бирлесе алатуғынлығына, бул жолда олар бир-бирин қоллап-қуўатлай алатуғынлығына олардың өзлериниң де толық көзлери жетти.

Тағы да бул халықларға өзлериниң сиясий мәплеринде теңдей екенликлерин, сол себепли олар егер бирлессе, ҳәр қандай ханлықты да қорқыта алатуғынлығына, ҳәтте, олар бирлессе өзлери ойлаған мақсетлерине жетисе алатуғынлығынада көзлери жетти.

Ҳәр қандай гүресте жеңис, жеңилис болатуғынлығы ол тәбиий жағдай. Бул 1858-1859-жыллардағы Қоңырат көтерилиси жеңилди. Сонда да бул тарийхый ўақыя, егер халықлар өзлери халық мәплери ушын бирлесе ғойса, қандай ханлықты да титирете алатуғынлығына, ҳәтте, олар бул жолда жеңиске де ерисиўи мүмкин екенлигине көзлери жетти. Бул сапарғы Қоңырат көтерилиси усындай мәселелерге халықлардың түсиниўи ушын үлкен сабақ-та болды.

Хийўа ханы халықлардың бул көтерилисин қан менен басты. Енди Хийўа ханлығы қарақалпақларға абайлап қатнас жасамаса болмайтуғынлығына толық түсинди[1]. Сол себепли Хийўа ханы қарақалпақлар ушын жаңа административлик басқарыў системасын ислеп шықты. Мәселен, бурын ҳәр бир қарақалпақ бийлери тиккелей өзлери Хийўа ханына бағынатуғын болса, енди қарақалпақлардың дады Хийўаға барып жетпейтуғын болды. Ол ушын Хийўа ханының қасынан еки «найып» ҳамалын, оннан соң және хан жанынан еки «беглер беги» ҳамалын дүзип шықты. Сөйтип болып, қарақалпақларды басқарыў ушын оларды алты аталыққа бөлип таслады. Сол алты аталықтан кейин барып бийлик ҳамалы болатуғын болды.

Енди қарақалпақларды егер бийлер бий менен даўласса олар туўра бурынғыдай тиккелей Хийўа ханына келеберместен, бийлердиң ең әдеп даўларын, даў-жәнжеллерин «Аталық» қарайды. Егер Аталық бул даўды шеше алмаса, онда бийлер тек Найыпқа ғана келе алады. Олар Беглер бегиге шағынады. Ең ақырғы мәселени Найып шешеди. Қулласы, қарақалпақлардың

[1] «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы». -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003, 29-бет.

даўы Бозатаў көтерилисинен кейин Хийўа ханына жетпейтуғын болып қалады. Хийўа ханы қарақалпақлар ушын усындай басқарыў системасын ислеп шығады.

Бул қарақалпақларды басқарыў ушын дүзилген административлик басқарыў системасы тап 1873-жылы қарақалпақлардың Россия патшалығына қосылғанға шекем сақланып турды. Хийўа ханының қарақалпақларды басқарып турыўы ушын исленген бул системасы Карақалпақлардың сиясий раўажланыўы ушын жақсы болмады.

Мине, усындай 1858-1859-жыллардағы Қоңырат көтерилиси тамам болып қоймастан, бул қарақалпақлардың сиясий мәплерин шеклеў Хийўа ханлығының қарақалпақ халқына қәлегенин ислеўге қаратылған сиясаты еди.

Әжинияз шайырдың «Бозатаў» шығармасындағы қайғылы мазмундағы жаман ақыбетлерин көрип ғана қоймастан, оның жоқарыдағыдай халықлар тәғдирине узақ ўақытлар сиясий-моральлық, руўхый-адмистративлик өзгерислер жасап кеткен себеплери ҳаққында да кең түсиник береди. Жағдайларды билмей турып Әжинияздың «Бозатаў» шығармасының бунша неге халық умытпайтуғын, халықлар кеўиллеринен қанша ўақытлар өтседе жоғалмайтуғын, және де ҳәмме адамлар кеўиллеринен шайырдың бул «Бозатаў» шығармасын аңсат ғана айтып бере қойыў қыйынға түсетуғынлығының себеби усында көринеди. Өйткени, бул шығарманы оқығанда да, аўызша айтқанда да усы биз айтқан үлкен тарийхты көз алдымызға келтирмей ҳәм оны мисли билмей айтыў мүмкин емес. «Бозатаў» тарийхый жырының халық ядында да, әдебият тарийхында да мәңги қалатуғын идеялық мазмуны қунлы, көркемлиги жоқары әжайып дөретпе болыўының мәниси мине усы тийкарда.

**ӘЖИНИЯЗ**
**БОЗАТАЎ**
(Тарийхый жыр)

Кетер болдық енди бизлер баш алып,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў,
Хошласалы еки көзден яш алып,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Жер ҳәм ел билендур, ел ҳәм жер билен,
Жерсиз елдиң күни дәрба-дәр билен,
Өмири өтер жүректеги шер билен,
Қәдириң сениң бизге өтти, Бозатаў.

Йоқ едим, бар болдым, кәмала келдим,
Минип әреби атлар, дәўранлар сүрдим,
Наныңды көп жедим, рәҳәтиң көрдим,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Неше ўақ жақсыға  ҳәм сөҳбет болдым,
Шады-қуррам болып, ойнадым-күлдим,
Душпанлар жәбридин кетермен бодым,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Сен бағ едиң, бүлбил ушты, зағ калды,
Пүткил сийнем жанды, иште дағ қалды,
Қыйсық Порхан атаў, сени жаў алды,
Басы қутлы, соңы ўәйран, Бозатаў.

Кимсениң анасы, кимниң әммеси,
Кимсениң ағасы, кимниң иниси,
Кимсениң қыз-уғлы, кимниң сиңлиси,
Әтирек,Гүрген,Ҳажар асты, Бозатаў.

Кимсениң қыз-уғлы,арзыўлы яры,
Кимсениң қашы қара, көзи хуңқары,
Әсир болып, телмирисип ҳәр сары,
Йықлап ат алдына тушти, Бозатаў.

Атадан айрылды ғулпақлы уғлан,
Сатылды ҳүр басын, әйледи ғулам,
Кимлер Ирақ кетти, кимлер кетти Шам,
Кимселер Гурд,Техран тушти Бозатаў.

Кимсениң қардашы, уғыл ҳәм қызы,
Тутылды күн билен, айыў-йулдызы.
Ҳәрир атлас кийген кимниң ялғызы.
Залымлар әлгине тушти, Бозатаў.

Қара көз,қыпша бел қыз билән жаўан.
Йузлери гүл киби, көзлери мәстан,
Қуда әмири билен бардылар Балқан,
Дәўлет қушы сендин ушты, Бозатаў.

Кирпиги-оқ, анық қашлары-каман,
Йузлери-қырмызы хуршийди табан,
Ләйли-Зуләйҳадек не гөззал жанан,
Әсир болып қолға тушти, Бозатаў.
Сәҳәр ўақты қырлы дүпен атылды,
Бенде болып туштим, қолым шатылды,
Пәрийдек қыз шоры болып сатылды,
Қәнийзлик башына тушти, Бозатаў.

Қала бузып түркмен[1] бағрым дағлады,
Кимсени дүпенлеп, кимди бағлады,
Сенде көп мусылман уғлы йығлады,
Башыңа қыямет тушти, Бозатаў.

Кимсе шаҳийд болды, жандын айрылды,
Кимсе гәда болды, малдын айрылды,
Кимсе көзи қуңқарыдын айрылды,
Башына қыямет тушти,Бозатаў.

Тәғдир-алладандур, себеп-Қоңыраттан,
Бийрәҳим Сейилхан деген елаттан,
Айра туштиң ашамайлы-қыяттан,
Елатсыз, жайлаўсыз қалдың Бозатаў.

Ер йигит башына мүшкил ис тушти,
Жүрек бағрым ғамның отына пишти,
Елатың үстиңдин серпилип көшти,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Көзим яшлы, мен кетәрмән, шарам йоқ,
Бир қудадан басқа пушты-панам йоқ,
Ҳәмме кетти, сенде турар адам йоқ,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Қала басы болдың сен молла Пирим,
Өзиң тәлип-илим, көңлиңде кириң,
Қоңырат баланды алса, ол ҳәм өз бириң,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

[1] Бул жерде баспашы феодаллар нәзерде тутылған.

Мәмбетмурат диййўанбеги қул болды,
Жан-ийманы, муддаҳасы пул болды,
Ел қарап болмаққа себеп шул болды,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Зийўарың хошласар қәдириңни билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип,
Аман болса, ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

***Әжинияздың «Бозатаў» шығармасын үйрениўге байланыслы пайдаланыўға усыныс етилетуғын сиясий, илимий, оқыў-методикалық ҳәм әдебий көркем әдебиятлар:***


1. Өзбекстан Республикасы Президенти И.Ә.Каримовтың Әжинияз шайырдың юбилейи қатнасыўшыларына қутлықлаўы. / «Еркин Қарақалпақстан», 21-декабрь, 1999-жыл, № 150 (17278).
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1968, 1988.
3. Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989.
4. Алламбергенов К. Руўхый гөззаллық тымсалы. // «Илим ҳәм жәмийет», 2013, №3.
5. Алламбергенова П. Традиций Мактумкули в каракалпакской литературе. Афтореф. дисс. на соиск. уч. ст. к. филол. .н. Нукус, 1999.
6. Әлеўов Ө. Әжинияздың ағартыўшылық ойлары
7. Байниязов Қ. Қосықтың күши. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.
8. Генжемуратов Б. Поэтика лирики Әжиниязда. Автореф. дисс. на соиск уч. ст. к. филол. н. Нукус, 1966.
9. Даўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. III том. 3-том. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1979.
10. Даўлетова Г. Әжинияз поэзиясында дәстүр ҳәм жаңашыллық. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
11. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис, «Билим», 1988.
12. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери. Нөкис, «Билим», 2004.
13. Қәлимбетов Б. Әжинияздың лирикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1981.
14. Мәмбетов К. Әжинияз, Нөкис, «Билим», 1994.
15. Мәмбетов К. Бозатаў. Тарийхый роман. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
16. Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
17. Мухаметдинов Н. Әжинияз (И.Юсупов либреттосы тийкарындағы опера клавери). Нөкис, «Билим», 2012.
18. Нызанов М. Зийўар. Тарийхый драма. // «Әмиўдәрья», 2012, №2.
19. Пирназаров А. Мастерство Ажинияза. Нукус, «Каракалпакстан», 1983.
20. Пахратдинов. Ә., Алламбергенов К., Аяпов Ш. Бүлбилзибан уллы шайыр. Нөкис, НМПИ КБ, 2013.
21. Султанов К. Әжинияз. Тарийхый роман. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1967.
22. Әжинияз таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1949, 1960, 1961, 1965, 1975, 1988, 1994.
23. Әжинияз. Еллерим барды. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994.
24. Ажиниёз Қосибойули. Тошкент, «Адабиёт ва саънат», 1962.
25. Гүнхожа. Ажыньяз. Бердақ. Тошглар. Ашгабат, «Магараф», 1993.
26. Ажинияз. Избранные стихи. Нукус, «Каракалпакстан», 1975.

**Мазмуны:**

**I.** «Бозатаў» ҳәм тарийхый шынлық **……………………..………..……..…..3**

**II.** Әжинияз. Бозатаў. Тарийхый жыр**…………………………..…..…………..23**

**III.** Әжинияздың «Бозатаў» шығармасын үйрениўге байланыслы пайдаланыўға усыныс етилетуғын сиясий, илимий, оқыў-методикалық ҳәм әдебий көркем әдебиятлар дизими**………………………………….…..…………………….26**

Әбдисайыт Пахратдинов, Кеңесбай Алламбергенов, Мария Бекбергенова

# «Б О З А Т А Ў» ҳәм тарийхый шынлық

***(Әжинияздың «Бозатаў» шығармасын тарийхый-типологиялық усылда үйрениўдиң базы бир мәселелери)***

## Оқыў - методикалық қолланба

Қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Кеңесиниң 2014-жыл 10-апрельдеги №9 баянламасы қарары менен баспаға усыныс етиледи.

**Редактор:**

**Операторлар: З.Жуманов, Н.Реймов.**

**Әжинияз атындағы НМПИ редакция-баспа бөлими**

**Әжинияз атындағы НМПИ баспаханасында басылған. 2014-ж.**

**Буйыртпа № 0053. Көлеми 1,7 б.т. Нусқасы – 100 дана. Форматы 60х84.**

**230105, Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси-104. Реестр № 11-3084**